

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Lokasi, Populasi, jeung Sampel Panalungtikan**

##### **3.1.1 Lokasi Panalungtikan**

Kampung manis mangrupa salasahiji kampung nu aya di Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan. Kampung Manis sok disebut ogé Blok Karangén. Kampung Manis ogé kabagi jadi lima RT nya éta RT 01-05. Wates-watesana Kampung Manis nya éta beulah kulon jeung kalér Désa Purwasri, beulah wétan Kampung Puhun, beulah kidul Kampung Kaliwon jeung Pahing.

Jumlah penduduk Kampung Manis dina taun 2012 nya éta aya 1185 jiwa, 615 jiwa lalaki jeung 572 awéwé. Jumlah kapala kulawargana aya 311. Pakasaban masarakat Kampung Manis lolobana buruh tani. Lian ti éta aya ogé anu jadi guru, pagawé kantor, ngojég, patukangan, padagang, sopir angkutan umum, jrrd.

##### **3.1.2 Populasi**

Populasi nya éta sajumlahing data anu baris ditalungtik sarta saeutikna mibanda sifat nu sarua. Arikunto (2010:173) nétélakeun “*Populasi adalah keseluruhan subjék penelitian. Apabila seseorang ingin meneliti semua elemen yang ada dalam wilayah penelitian, maka penelitiannya meupakan penelitian populasi*”.

Dumasar kana katerangan di luhur, populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing puisi pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan, jumlahna aya 48 judul pupujian.

##### **3.1.3 Sampel**

Arikunto (2010:174) nétélakeun sampel téh nya éta sabagian atawa wakil populasi nu ditalungtik. Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008:1354) yén “*Sampel adalah (1) sesuatu yang digunakan untuk menunjukkan sifat atau*

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


*kelompok yang lebih besar (2) bagian kecil yang mewakili kelompok atau keseluruhan yang lebih besar”*

Ieu panalungtikan téh make *purposive sample* atawa *sampel bertujuan*, hartina nu jadi sampel dipilih lantaran miboga tujuan anu tangtu nya éta nu dipilih téh gaeus ngawangku eusi pupujian, anu muji ka Allah, ka Rasul, ménta syafaat ka Rasul, piwuruk ngajak tobat jeung ngalakonan amal soléh, sarta nepikeun pangajaran agama. Tina 48 pupujian anu kapanggih di Kampung Manis Désa Garawangi Kacamatan, Garawangi Kabupatén, Kuningan, ditangtukeun 24 pupujian nu dijadikeun sampel.

### 3.2 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta :

Bagan 3.1



### 3.3 Méthode Panalungtikan

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Arikunto (2010:203) nétélakeun yén métode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Metode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Surakhmad (1985: 139-140) nétélakeun métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan masalah anu keur disanghareupan, biasana masalah-masalah anu aktual ku jalan nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, napsirkeun data, jeung nyieun kacindekan. Tegesna métode anu ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kaayaan jeung kajadian anu keur disanghareupan. Ieu métode digunakeun lantaran data anu ditalungtik leuwih nyoko kana bahan anu bisa dianalisis ku cara déskriptif.

Dumasar kana métode nu ditétélakeun di luhur, ieu panalungtikan téh nganalisis wangun, eusi, harti, jeung fungsi puisi pupujian nu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan.

Métode mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Tujuan ngagunakeun métode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa ngagambarkeun/ngadéskripsikeun wangun, eusi, harti, jeung fungsi pupujian nu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan, sacara faktual, sistematis, jeung akurat.

### **3.4 Wangenan Operasional**

- 1) Pupujian nya éta wangun puisi heubeul nu eusina muji-muji kaagungan Pangéran, solawat ka Kangjeng Nabi, du'a, pépéling, piwuruk jeung pangajaran dumasar kana ajaran agama Islam nu kedalna sok dilagukeun atawa dinadomkeun.
- 2) Bahan pangajaran téh komponen anu aya dina kagiatan diajar ngajar, mangrupa matéri anu baris ditepikeun waktu prosés diajar ngajar, anu kudu dikawasa ku siswa sangkan ngahontal tujuan pangajaran.
- 3) Ngaregepkeun téh nya éta hiji prosés ngadéngékeun omongan lisan kalawan enya-enya ku pinuh perhatian, pamahaman, aprésiasi, sarta interprétasi pikeun meunangkeun informasi, eusi atawa pesen, sarta bisa maham kana makna

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

komunikasi nu geus ditepikeun ku panyatur, sarta bisa méré réspon kana naon-naon anu ditepikeun ku panyatur.

- 4) Bahan pangajaran ngaregepkeun nya éta sajumlahing matéri anu dipaké waktu kagiatan diajar ngaregepkeun.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:203), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti nu leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, ku kituna leuwih gampang diolahna.

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pedoman wawancara anu eusina sajumlahing patalékan anu diasongkeun atawa ditanyakeun ka narasumber, pertanyaanana nya éta:
  - a. Naon waé judul Pupujian anu dipikauninga ku Bapa/Ibu?
  - b. Kumaha rumpaka pupujianna?
  - c. Éta pupujian téh dinadomkeuna dimana, iraha sareng dina acara naon?
- 2) Alat rékaman sora (hp), jeung video (camera digital), digunakeun dina ngumpulkeun data téks pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Grawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan. Anu dirékam téh teu sakabéh pupujian nu aya di daérah nu ditalungtik, tapi ukur sampel wungkul, sangkan kahareupna bisa waé dipaké pikeun média pangajaran waktu nepikeun matéri pupujian.
- 3) Alat foto (camera digital), digunakeun pikeun dokuméntasi waktu dinadomkeun pupujian nu aya di Kampung Manis, Désa Grawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan.

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik studi pustaka, dokuméntasi, observasi, jeung wawancara.

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1) Studi pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung informasi ngeunaan pupujian tina buku anu aya patalina jeung subjek panalungtikan. Data anu geus kacangking bisa dijadikeun dasar dina ngalaksanakeun panalungtikan.

Dina ieu métode panalungtik nalungtik wanda-wanda tinulis pupujian anu aya dina buku pedoman ngajar di TPA Nurul Faizin, Kampung manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan, pikeun dijadikeun sumber panalungtikan.

### 2) Obsérvasi

Obsérvasi nya éta prosés niténan jeung ngumpulkeun data-data anu diperlukeun dina panalungtikan. Téhnik obsérvasi dilakukeun sangkan aya gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan pupujian di daérah anu keur ditalungtik. Dina ieu hal, panalungtik bisa salaku panitén ku cara ilu biung langsung kana situasi nu keur ditalungtik.

Arikunto (2010:273) nétélakeun yén dina métode obsérvasi pikeun niténan kajadain anu kompléks anu bisa waé kajadiana pabareng, panalungtik disarankeun sangkan ngagunakeun alat bantu misalna, kaméra, video, tape jeung audio-tape recorder.

Dina ieu panalungtikan panalungtik ngagunakeun alat bantu sadap rékam sora jeung vidéo. Sadap rékam sora jeung vidéo mangrupa téhnik ngarékam jeung ngavidéo pupujian nu keur dinadomkeun ku nara sumber. Dina hal ieu pakakas anu digunakeun waktu ngarékam sora nya éta hp, sedengkeun waktu ngavidéo ngagunakeun camera digital. Waktu ngamimitian nganadomkeun pupujian, hp dideukeutkeun kana sumber sora (baham), sangkan sora tina hasil ngarékam bisa nyugemakeun..

Sadap rékam sora jeung vidéo dilakukeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung ustadzah atawa guru ngaji di TPA Nurul Faizin, ibu-ibu pangaosan di masjid Baiturrohman sarta santri-santri TPA (*Taman*

*Prndidikan Agama*) Nurul Faizin anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan.

### 3) Wawancara

Wawancara jeung narasumber pikeun meunangkeun katerangan sacara lisan nu patali jeung panalungtikan ku cara ngajukeun patalékan-patalékan ka nara sumber.

Téhnik wawancara dilakukeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung ustadzah atawa guru ngaji di TPA Nurul Faizin, ibu-ibu pangaosan masjid Baiturrohman anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan. Téhnik wawancara digunakeun sangkan meunang data ngeunaan pupujian. Dina ieu wawancara ngagunakeun format panalungtikan saperti kieu:

## FORMAT WAWANCARA

### Ngumpulkeun Data Puisi Pupujian di Kampung Manis Désa Garawangi Kacamatan Garawangi Kabupatén Kuningan

No. Narasumber:

#### A. Idéntitas Narasumber

1. Wasta :
2. Jenis kelamin :
3. Umur :
4. Pakasaban :
5. Kalungguhan :
6. Padumukan :

#### B. Data Pupujian

1. Judul Pupujian :
2. Rumpaka Pupujian :
3. Waktu dinadomkeun :  
(dimana, iraha, jeung  
dina acara naon)

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kuningan, Januari 2013

Nu nalungtik,

Olivia Sandy Nakahinda

### 3.7 Léngkah – Léngkah Garapan

Dina ieu panalungtikan rarancang garapanana ngawengku opat léngkah, nya éta:

a) Léngkah tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina léngkah tatahar nya éta:

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan
- 2) Ngulik pustaka
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan
- 4) Konsultasi ka dosén pangaping
- 5) Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan

b) Léngkah ngumpulkeun data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina léngkah ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Ngalaksanakeun observasi
- 2) Ngayakeun wawancara jeung narasumber
- 3) Ngadokuméntasi
- 4) Ngumpulkeun data anu aya patalina jeung panalungtikan

c) Léngkah ngolah data

Sabada ngumpulkeun data, data anu geus dikumpulkeun téh satuluyna diolah dumasar kana téhnik-téhnik ngolahna.

Anapon kegiatan anu dilaksanakeun dina léngkah ngolah data nya éta:

- 1) Nyusun data

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



- 2) Ngeanalisis data
  - 3) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah
  - 4) Konsultasi ka dosén pangaping
- d) Léngkah nyusun laporan

Léngkah nyusun laporan mangrupa léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan sanggeus data diolah jeung dianalisis. Sanggeus hasil panalungtikan diolah ahirna disusun kalawan ngéntép seureuh dina wangun skripsi anu saluyu jeung katangtuana.



Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

*Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan*

*Bahasa jerman fpbs upi*

Universitas pendidikan indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)